Kiyès ki ta dwe pran vaksen kont menengokòk?

MenACWY:

- Timoun ki gen 11-12 lane
- Timoun ki gen 16 lane (dòz boustè)

MenB:

- Tout moun ki gen 10 lane ak sila ki pi gran yo anba pi gwo risk
- Nenpòt moun ki gen ant 13 jiska 23 lane (depreferans, moun ki gen ant 16 jiska 18 lane) ka resevwa vaksen MenB mete sou vaksen MenACWY la.

MenABCWY:

- Tout moun ki gen 10 lane oswa ki pi gran ki bezwen pran MenACWY ak MenB nan menm vizit la.



N.J.A.C. 8:57-4 rekòmande pou etidyan yo bay evidans ki pwouve, yo resevwa vaksen Menengokòk (MenACWY) apati 7èm ane rive pi wo.

N.J.S.A. 18A:62-15.1 rekòmande pou etidyan ki nan enstitisyon edikasyon siperyè yo pou yo resevwa vaksen menengokòk kòm kondisyon pou vin lekòl.

Pou jwenn plis enfòmasyon

Depatman Sante New Jersey
(New Jersey Department of Health)
nj.gov/health/vaccines

National Foundation for
Infectious Diseases (NFID)
nfid.org/infectious-disease/meningococcal

Eskane kòd ki anba a oswa fè yon vizit
nj.gov/health/cd/topics/meningo.shtml

Suiv nou sou rezo sosyal yo
@NJDeptofHealth:

Facebook, Instagram, Threads, X,
LinkedIn, ak YouTube

New Jersey Department of Health
Communicable Disease Service
Vaccine Preventable Disease Program
PO Box 369
Trenton, NJ
609-826-4861

NJHealth New Jersey Department of Health



Maladi Menengokòk

Èske W anba Pwoteksyon?

Enfòmasyon pou
Adolesan ak Jèn Adilt yo

NJHealth New Jersey Department of Health

Ki sa maladi menengokòk la ye?

Maladi menengokòk la fè referans ak nenpòt maladi yon tip bakteri (jèm) ki rele *Neisseria meningitidis* lakoz. Maladi Menengokòk la ka lakoz enflamasyon nan manbràn ki kouvri sèvo a ak mwèl epinyè a (menenjit) epi/oswa yon enfeksyon sangen grav (septisemi).

Anviwon 5-20% moun gen tip bakteri sa a nan nen ak nan gòj yo epi sa pa fè yo malad. Sepandan, bakteri sa yo ka anvayi kò a epi lakoz maladi menengokòk la.

Ki jan moun rive gen maladi menengokòk?

Moun simaye bakteri mengokòk lè yo pataje sekresyon atravè respirasyon ak sekresyon ki soti nan bouch (saliv oswa krache). Li pa gen yon nivo kontajyozite (fasil pou simaye) menm jan ak rim oswa grip.

Maladi a simaye pandan **kontak prè oswa ki dire lontan**. Men kèk egzanp:

- Moun k ap viv nan menm kay
- Bo
- Touse ak estène
- Pataje akseswa nan kizin, manje, bwason, elatriye.



Ki sa sentòm komen maladi menengokòk yo ye?

- Konfizyon
- Fatig (sansasyon kò kraze)
- Tèt fè mal
- Lafyèv wo
- Kè plen
- Sansiblite ak limyè
- Kou rèd



Kiyès ki ka gen maladi menengokòk?

Nenpòt moun ka gen maladi menengokòk, men gen sèten gwoup ki gen yon nivo risk ki pi wo. Sa yo gen ladan:

- Timoun ki pral adolesan oswa jenn timoun.
- Etidyan kolèj ak Etidyan nan inivèsite ak moun yo rekrite nan militè, k ap viv nan rezidans inivèsitè oswa nan kazèn
- Moun ki gen sèten pwoblèm medikal oswa ki gen twoub nan sistèm iminitè yo
- Moun ki te ka ekspoze ak maladi menengokòk pandan yon epidemi
- Vwayaj Entènasyonal

Jèn adilt yo, ki nan laj 16 ak 23 lane, gen yon nivo risk ki pi wo pou yo trape maladi menengokòk Ozetazini.

Ki sa ki ka pase si m gen maladi menengokòk?

Maladi menengokòk pa yon jwèt; menm pandan tretman, maladi a ka lakoz lanmò. Pami sa ki rive viv yo, anviwon 20% ap pèdi men oswa pye yo, y ap eksperimante domaj nan ren, y ap vin soud, oswa y ap sibi kriz malkadi oswa fè estwòk. Dyagnostik oswa tretman bonè yo enpòtan.

Kòman ou ka fè prevansyon kont maladi menengokòk?

Pi bon fason pou anpeche maladi menengokòk se atravè vaksinasyon. Gen twa tip vaksen pou menengokòk yo itilize Ozetazini. Chak tip vaksen ede nan bay pwoteksyon kont diferan sewogwoup (souch) bakteri menengokosik (A, B, C, W, Y).

- Vaksen Konjige kont Menengokòk (MenACWY)
- Vaksen kont Sewogwoup B oswa MenB
- Vaksen pentavalan oswa vaksen MenABCWY

Èske vaksen kont menengokòk yo san danje?

Vaksen kont menengokòk la ka pwovoke yon seri efè segondè lejè, tankou yon woujè ak yon doulè kote w pran piki a. Yon endispozisyon ka rive apre vaksinasyon an, patikilyèman lakay adolesan yo. Pou anpeche blesi ki gen rapò ak yon endispozisyon, li rekòmande pou w chita oswa kouche pandan epi apre vaksinasyon an.

